



# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang

Sastra téh salah sahiji wangun karya seni nu mibanda peran penting pisan dina kahirupan. Lubis (1996:10) nétélakeun yén maju henteuna peradaban hiji nagara bisa ditingali tina karya sastra nu dihasilkeunana. Sastra ngagunakeun basa pikeun alatna. Karya sastra mangrupa hasil karya cipta jeung kréativitas manusa anu jadi bagian tina seni. Ari seni tangtu waé mibanda unsur éstétis. Patali jeung éta hal ditétélakeun ku Iskandarwassid (1996:138), yén:

“Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan basa). Ku lantaran alatna basa, nya nu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis anu kapimilik ku basa, kaasup rupa-rupa pungsina atawa makéna basa.”

Dumasar kana katerangan di luhur, tétéla yén karya sastra téh ngolah kaéndahan, tapi ku lantaran alatna basa nya nu diarolah téh sakabéh poténsi kaéndahan anu kapimilik ku basa téa.

Lahirna hiji karya sastra henteu leupas tina imajinasi jeung pangalaman hirup pangarang. Karya sastra téh ngandung naon-naon anu hayang dikedalkeun ku pangarang, bisa mangrupa pikiran, rasa, pangalaman, ide, sumanget, kayakinan, jeung kapercayaan. Kanyataan dina kahirupan lolobana jadi bahan pikeun ngalahirkeun hiji karya sastra, ku sabab karya sastra kudu mangrupa mimétik tina kahirupan. Masalah hirup jeung kahirupan manusa digambarkeun dina karya sastra, eusina téh bisa ngeunaan kasangsaraan manusa, perjuanganana, kanyaah, napsu jeung réa deui hal-hal nu sok kaalaman ku manusa, tapi

minangka gambaran tina kahirupan, sastra teu pernah niron sacara mutlak tina kahirupan. Sastra henteu nyerep bahan-bahan tina kahirupan sacara sagawayah. Sastra milih jeung nyusun bahan-bahan ngagunakeun pedoman-pedoman kana asas-asas jeung tujuanana.

Hiji pangarang milih bahan-bahan tina lingkungan sabudeureunana pikeun dijadikeun karya sastra. Pangarang nepikeun naon anu katingali jeung karasa ngaliwatan tulisan. Sacara sadar atawa henteu, pangarang bakal nangtukeun kalungguhan karyana dina kahirupan.

Salah sahiji cara pikeun maham kana karya sastra nu mangrupa bagian tina karya seni nya éta ku cara ngajéntrékeun kalungguhan éta karya dina kahirupan. Salah sahiji kalungguhan sastra dina kahirupan nya éta minangka pameungkeut. Dina karya sastra mah pangalaman hirup disaring, dicokot inti sarina, jeung dibeungkeut ngagunakeun basa nepi ka nu maca babari meunangkeun hikmah jeung pangalaman.

Sangkan bisa nganalisis jeung ngaprésiasi karya sastra kalawan hadé, aya sababaraha pamarekan nu digunakeun, di antarana nya éta pamarekan psikologi sastra. Pamarekan psikologi sastra mibanda anggapan dasar yén karya sastra mangrupa produk jiwa jeung hasil mikir pangarang. Pamarekan psikologi sastra nya éta kajian sastra nu nganggap karya sastra téh mangrupa aktivitas kajiwaan.

Pamarekan psikologi sastra nya éta nalaah karya sastra nu museurkeun kana segi psikologis nu aya dina hiji karya sastra. Ayana ieu hal disababkeun ku munculna hiji kasadaran keur para pangarang jeung penelaah sastra yén kamekaran jeung kamajuan masarakat di jaman modérn ieu henteu ngan bisa

diukur tina segi matérial. Tapi ogé tina segi ruhaniah atawa kajiwaan. Hal ieu ogé luyu jeung pamadegan Semi (1984:49), nu nyebutkeun yén pamarekan psikologi nya éta, pamarekan nu museur kana asumsi yén karya sastra pasti waé ngabahas ngeunaan kajadian dina kahirupan manusa. ' Unggal manusa pasti mibanda paripolah jeung watek nu béda-béda. Lamun urang hayang wanoh kana paripolah jeung watek manusa leuwih jero, perlu pisan ngagunakeun élmu psikologi. Neuleuman batin atawa kajiwaan pikeun mikanyaho ngeunaan manusa nu unik mangrupa hiji hal nu narik pisan.

Nalungtik karya sastra ngagunakeun pamarekan psikologi sastra leuwih lengkep, lantaran dina psikologi sastra henteu ngan karya sastrana hungkul nu dijadikeun objek panalungtikan, tapi pangarang ogé jadi aspék nu penting pikeun diguar. Salian ti éta panalungtikan ngagunakeun pamarekan psikologi sastra leuwih jero, utamana kana watek palaku. Panalungtikan sastra ngagunakeun pamarekan psikologi mangrupa salah sahiji cara pikeun mekarkeun sastra jeung élmu sastra.

Ayana pamarekan psikologi nya éta ngusahakeun pikeun méré jalan jeung nyaruakeun pamahaman dina ngajén karya sastra. Pamarekan éta ku Roekhan (1987:142) dijéntrékeun, yén munculna ulikan sastra nu ngagunakeun pamarekan psikologi dipangaruhan ku téori "psikoanalisis-na" Freud nu mimiti aya taun 1905. Kawéntarna téori "psikoanalisis" balukar tina nyebarna téori Freud ngeunaan (1) "Tafsiran Mimpi", jeung (2) "Tiga Téori Tentang Seksualitas." Éta téori penting téh geus ngangkat Freud salaku tokoh psikologi modérn. Jalan nu geus dibuka ku Freud éta téh dituluykeun ku murid-muridna, misalna waé C. G.

Jung ku téori “psikoanalitis-na”, jeung I. A. Richard ku téori “Psikologi Kepribadianna”. Ngalegaanna téori “psikoanalisis” téh, tangtu waé ngalegaan pangaruhna kana kahirupan nu séjén, saperti agama, étika, atikan, élmu pangaweruh, sosial, kaasup ogé sastra.

Di Indonésia kamekaran psikologi dimimitian taun 1970-an, ditandaan ku nanjeurna perhatian para panalaah sastra sarta kajian-kajian sastra nu nerapkeun pamarekan psikologi.

Karya sastra mangrupa ébréhan jiwa jeung pikiran pangarang tina naon nu karasa, katingali, jeung kadéngé ti lingkungan sabudeureunana. Pangarang ngagunakeun cipta jeung rasa dina ngahasilkeun karya.

Carita pondok minangka salah sahiji bagian tina warna karya sastra dina wangun prosa, mangrupa objék panalungtikan nu narik pisan pikeun dianalisis jeung diapresiasi. Karya sastra dina wangun prosa hususna carita pondok dianggap “fenomena psikologis” nu ngébréhkeun aspék-aspék kajiwaan palaku-palakuna. Kajadian dina carita pondok, sarua jeung kajadian sapopoé nu mangrupa ébréhan tina rarasaan jeung pangalaman pangarang. Kitu deui carita pondok “Sintung Kalapa” karya Iskandarwassid nu aya dina buku kumpulan carpon *Kanagan* mangrupa “fenomena psikologis” nu ngébréhkeun aspék-aspék

ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Saméméhna carita pondok “Situng Kalapa” geus aya nu nalungtik maké pamarekan strukturalisme.

Dumasar kana péréléan anu disebutkeun di luhur, dina ieu panalungtikan, dicoba pikeun diungkab aspék psikologis carita pondok “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid.

## **1.2. Watesan Masalah**

Tina kasang tukang nu disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan masalahna kana unsur-unsur intrinsik, riwayat singget kapangarangan Iskandarwassid, aspék psikologis tokoh utama carita pondok “Situng Kalapa” sarta patalina antara aspék psikologis tokoh jeung pangarangna. Aspék psikologis tokoh diwatesanan ku karakter nu diwengku ku temperamén sarta watek.

## **1.3. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha unsur-unsur intrinsik carita pondok “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid?
- b. Kumaha aspék psikologis palaku utama jeung kadua dina carita pondok “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid anu aya patalina jeung karakteristik ngawengku temperamén jeung watek?
- c. Kumaha riwayat singget kapangarangan Iskandarwassid?

- d. Kumaha patalina antara aspék psikologis palaku utama jeung kadua carita pondok “Situng Kalapa” jeung pangarangna?

#### **1.4. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya eta hayang ngadéskripsikeun:

1. Unsur-unsur intrinsic carita pondok “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid.
2. Aspék psikologis palaku utama jeung kadua dina carpon “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid anu aya patalina jeung karakteristik palaku utama jeung kadua ngawengku temperamén jeung watek.
3. Riwayat singget kapangarangan Iskandarwassid.
4. Patalina antara aspék psikologis palaku utama jeung kadua carita pondok “Situng Kalapa” jeung pangarangna.

#### **1.5. Mangpaat Panalungtikan**

1. Pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra;
2. Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan patalina antara sastra jeung psikologi;
3. Pikeun ngajembaran kaélmuan dina widang nu keur ditalungtik jeung méré mangfaat pikeun ngaronjatkeun ajén;
4. Pikeun ngamotivasi panalungtikan nu bakal datang sangkan leuwih mekar jeung jembar.

## 1.6. Anggapan Dasar

Unggal panalungtikan nyoko kana hiji anggapan dasar atawa postulat nu tangtu. Satuluyna éta anggapan dasar téh dijadikeun tatapakan hiji panalungtikan. Saperti nu ditétélakeun ku Surakhmad dina Arikunto (1998:60), yén:

“Anggapan dasar atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik.”

Dumasar kana pamadegan di luhur, ieu panalungtikan mibanda anggapan dasar:

1. Sastra mangrupa bagian tina seni;
2. Nganalisis carita pondok mangrupa bagian tina kagiatan aprésiasi karya sastra;
3. Carita pondok karya sastrawan-sastrawan Sunda, hususna carita pondok “Situng Kalapa” karya Iskandarwassid, beunghar pisan ku ajén psikologi, sarta bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan psikologi. Milih karya sastra nu baris ditalungtik ngaliwatan ieu pamarekan, kudu dipilih karya sastra tina saurang sastrawan nu “representatif”;
4. Karya sastra moal leupas tina tujuan pangarang nu hayang nepikeun hasil pikiranna ka nu maca.

## 1.7. Tatapakan Tiori

Anu jadi tatapakan tiori dina ieu panalungtikan, nya éta: (1) *Prosedur Penelitian* (Arikunto, 1998); (2) *Pengantar Apresiasi Karya Sastra* (Aminudin, 1995); (3) *Apresiasi Kesusastraan* (Sumardjo jeung Saini K.M., 1987); (4) *Dasar-Dasar Psikosastra* (Tarigan, 1995); (5) *Pengantar Sosiologi Sastra* (Faruk,



1999); (6) *Psikologi Umum* (Ahmadi, 2003); (7) *Psikologi Kepribadian* (Suryabrata, 1982); (8) *Metodologi Penelitian Sastra* (Semi, 1993); (9) *Teori Pengkajian Fiksi* (Nurgiyantoro, 1995); (10) *Segi Sosiologis Novel Indonesia* (Sumardjo, 1981); (11) *Pedaran Sastra Sunda* (Sumarsono, 1986); (12) *Catetan Prosa Sunda* (Durahman, 1984); (13) *Makalah Teori dan Aplikasi Sosiologi Sastra* (Damono, 2003).

### 1.8. Wangenan Operasional

Pikeun nyinglar timbulna kasalahan nafsirkeun judul panalungtikan ieu, baris didéfinisikeun sacara operasional istilah-istilahna.

1. Aspék nya éta “sudut pandang, pertimbangan sesuatu berdasarkan sudut pandang tertentu” (*Kamus Besar Bahasa Indonesia*, 1999:62).
2. Psikologis nya éta unsur batin atawa jiwa manusa nu bisa digunakeun pikeun ngajéntrékeun pamahaman kana kasusastraan. Ngaliwatan analisis karakter tokoh, pangarang jeung nu maca karya sastra, aspék psikologis karya sastra bisa dicangkem.
3. Carita pondok nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, prosa naratif. Galur caritana relatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangupa hiji “episodeu”, palakuna oge ukur dua tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita téh relatip pondok. Umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita téh diolah tina alam kahirupan kiwari. Patali jeung situasi penerbitan buku kiwari, midangna carita pondok Sunda téh umumna mah dina majalah

(heula); ti dinya kakara dikaluarkeun mangrupa buku (kumpulan carpon)  
(Iskandarwassid, 2003:113).

4. Sintung kalapa nya éta kalokop mayang kalapa, nu geus tuhur sok dipaké  
suluh (*Kamus Umum Basa Sunda LBSS*, 1996:480). Sedengkeun Sintung  
Kalapa dina ieu panalungtikan mangrupa judul carita pondok.